# QARAQALPAQ XALÍQ ERTEKLERINDE MIFOLOGIYALÍQ OBRAZLARDÍŃ TRANSFORMACIYASÍ

**Kabilova G.B.**

*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı, Nókis*

Qaraqalpaq xalıq erteklerinde orın alatuǵın geypara miflik elementler eski mifologiyalıq tásirden payda bolıp, ertektiń quramına ajıralmas dárejede enisip ketken. Kópshilik qaraqalpaq ertekleriniń mazmunına ser salıp qarasaq, onıń baslanıwınan-aq miflik sıpat iyeleytuǵınlıǵın kóremiz. Mif tekǵana epikalıq syujetler hám dástúriy motivler emes, bálki folklor shıǵarmalarındaǵı kóplegen kórkem obrazlardıń qáliplesiwinde tiykar boldı. Sonlıqtan bolsa kerek, qaraqalpaq xalıq ertekleri hám dástanlarında sap mifologiyalıq (dáw, aydarha, peri, jalmawız, Qıdır, pir, payǵambarlar, shaytanlar h.t.b) hám mifologiyalıq tábiyatqa iye bolǵan (bóri, jılan, at, qus t.b) obrazlarǵa jiyi duslasamız. Qaraqalpaq  xalıq ertekleriniń syujetlik ózgesheliginde tolıp atırǵan miflik waqıyalar, miflik obrazlar, miflik poetikanıń ájayıp úlgilerin ushıratamız. Erteklerdiń  derlik barlıǵında dáw, peri, mástan kempir, aydarha, jılan, qus hám taǵı basqa ǵayrıtábiyiy obrazlar miflik personaj sıpatında qatnasadı. Mifologiyalıq obrazlar dáslep insan sanasında ilahiy qúdiretke iye miflik personajlar sıpatında qáliplesken bolsa, dáwirler ótip bul obrazlar óziniń atqaratuǵın funkciyasına qaray hám áyyemgi insanlardıń dúnyatanımınıń ózgeriwi nátiyjesinde ózine tán qásiyetlerdi jámlestirip transformaciyalanǵan.

Folklordıń iri janrlarınan biri bolǵan erteklerde mifologiyalıq obrazlardıń bazılarınıń ózleriniń payda bolıw dáwirindegi tiykarǵı qásiyetlerin saqlap qalmastan túpten ózgeriske ushıraǵanın kóremiz. Usınday obrazlardan qaraqalpaq xalıq erteklerinde jiyi ushırasatuǵın mifologiyalıq obraz mástan kempir obrazı. Dúnya xalıqları folklorındaǵı aktiv personajlardıń biri mástan kempir áyyemgi dáwirlerdegi adamlardıń dúnyaǵa kózqarasları, hár qıylı isenimleri tiykarında payda bolǵan erteklik obraz sıpatında kóplep folkloristler tárepinen aytılǵan. Ataqlı rus folkloristi V.Ya.Propp bul obrazdıń tariyxıy shıǵısın arxaik dáwirler menen baylanıstıradı. Mástan kempir obrazınıń payda bolıwı materiarxat dáwirinen baslanǵanın aytadı [Пропп В.Я., 1964. – 41]. Alımnıń bunday pikir bildiriw sebebi materiarxat dáwirinde barlıq islerdi hayallar basqarǵan.Hámme hayallarǵa boysınıp, olarǵa sıyqırlı ruwxlar dúnyası menen baylanıslı kúsh sıpatında qaraǵan.Mástan obrazı eń dáslep materiarxat dáwirinde usınday isenimlerdiń tiykarında kelip shıqqan desek boladı. Degen menen bul obrazdı tek ǵana erteklik obraz sıpatında juwmaq shıǵarmastan, onıń payda bolıw dáwiri hám sol dáwirdegi funkciyasına itibar qaratıw kerek.

Qaraqalpaq xalıq erteklerinde birde mástán kempir, birde jalmawız kempir, birde jádigóy kempir sıpatında ushırasadı. Biraq bul obrazlar túbi bir obrazǵa barıp taqaladı. Ertede bul obraz dóreliwinde jawız is-háreketlerdi, qanxorlıqlardı islewshi baslı unamsız obrazlar qatarında tursa, joqarıda aytqanımızday keyingi rawajlanıwlar dáwiri, insanlardıń dúnyanı ańlawǵa degen umıtılıwları nátiyjesinde ózgeriske ushırap, kópshilik epik janrdaǵı awızeki dóretpelerde turmıslıq qásiyetlerdi ózine sińdirgen mástanlik, hiylekerlik, baylıq dese janın beretuǵın, tınıshlıqtıń, tatıwlıqtıń, baxıtlı turmıstıń dushpanı sıpatında kórinedi.

Tiykarında erteklerge ótken mifologiyalıq obraz óziniń wazıypasın ǵayrıtábiyiy hádiyseler átirapında dawam etedi. Sol tiykarında folklor personajına aylanǵan mástan mama obrazı da erteklerde mifologiyalıq kórinistegi jawız kúsh tımsalında gewdelenedi hám xızmet atqaradı. Mástan mama barlıq folklorlıq shıǵarmalarda jamanlıqtıń belgisi bolıp tiplik obraz sıpatında súwretlenedi. Qaraqalpaq folklorı epik janrlarında, ásirese erteklerde unamlı obrazlardan tısqarı, unamsız personajlar – aydarha, dáw sıyaqlı obrazlardı ushıratamız. Ertekte alıs saparǵa, qáwipke tolı jolǵa shıqqan batır aldınan kútilmegen yamasa kútilgen jaǵdaylarda qorqınıshlı kóriniske iye dáwler shıǵadı. Ertek mazmunında batır dáwdi jeńip, óz mánziline aman-esen jetip baradı.

Dáw obrazı haqqında folklorshı alımlar ortasında túrli kózqaraslar bar. Sońǵı eki ásir dawamında hindi-iran xalıqları mifologiyasında tartıslı máselelerden biri dáw obrazı bolǵan. Dáw atamsı hár túrli fonetik atamalar menen barlıq hindi-evropa tillerinde, sonıń ishinde túrkiy tilleriniń ayırım xalıqlarınıń mifologiyasında salmaqlı orın iyeleydi. XX ásir baslarına kelip “Avesto” daǵı dáw kultınıń qásiyetlerin ayrıqsha úyreniwge tiyisli ilmiy izlenisler payda bola basladı. L.I.Fraxtenberg, H.Gyuntert, H.Grey sıyaqlı paleolingvistler “Avesto” daǵı dáw obrazına baylanıslı sıpatlardı anıqlaw ushın qollanǵan sózlerdi analiz etip, dáwler ushın qollanılǵan unamsız sózler tiykarınan iran tiller menen baylanıslı ekenin, dáwlerdiń qudaylardan iblislerge aylanıwı da tiykarınan usı til dialektleri tarqalǵan aymaqlarǵa tán degen juwmaqqa kelgen. T.Nyoldekenniń “Mazandaran dáwleri” haqqındaǵı maqalasında dáwlerdiń óz aldına toparları bar ekeni haqqında maǵlıwmatlar berip ótken. E.Russo, A.E.Kristensen, U.Bianchi, Sh.Shakked sıyaqlı shet el alımları óz izlenislerinde dáwlerdiń hár túrli miflik qásiyetlerin, olardıń basqa obrazlar menen baylanısı, antropomorf kórinisi sıyaqlı máselelerdi aytıp ótken. Sonday-aq, dáw obrazı haqqında I.Frezer hám Ya.Propp miynetlerinde arxaik kórinis, yaǵnıy antropomorfik obrazlar haywanlardıń mádeniylesiwi, dep túsindiriledi. Alımlardıń bul pikirinde haqıyqatlıq bar. Sebebi, dáw obrazındaǵı bar bolǵan adamxorlıq hám ǵayrıtábiyiy kórinis áne sol mádeniylesiw menen baylanıslı. Ya.Propptıń pikirinshe, tek bunday obrazlar ǵana emes, al qudaylar da jırtqısh haywan kórinisinen áste-aqırın adam kórinisine kirip barǵan. Folklortanıwshı alım J.Eshanqulovtıń “Ózbek xalıq awızeki dóretpelerinde

dáw obrazınıń mifologik tiykarları hám kórkem xızmeti” dissertaciyasında dáw obrazınıń “Avesto” da da ayrıqsha orın iyeleytuǵının, onda dáwler jawızlıq tımsalı – iblisler kórinisinde súwretlenetuǵının aytıp ótken. Zardushtiylik dininde dáwge táńri dep emes, jawız kúsh sıpatında baha berilgen. Bul obraz zardushtiylikte jawızlıqtıń tiykarǵı tımsalı bolıp, “Avesto”da “dayva” dep atalǵan. Túrkiy hám parsı-tájik awızeki mifologiyasında jawızlıq tımsalı bolıp, qorqınıshlı kóriniske iye, zulım hám zorlıq, qanxorlıq yaki jawızlıq kúshlerdiń biri sıpatında beriledi. Tariyxıy tiykarları miflik sana menen baylanıslı bolǵan dáw obrazınıń qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpelerindegi ornı ayrıqsha. Bul obraz kóbinese qıyalıy erteklerdeushrasadı. Dáw obrazı bizdi ata-babalarımızdıń dúnyaǵa kóz-qarası, tariyxıy sanası, qorshaǵan dúnya, jaqsılıq hám jamanlıq haqqındaǵı túsinikleri, filosofiyası, úrp-ádetlerinen xabardar qıladı.

Qaraqalpaq xalıq erteklerinde ayrıqsha orın tutıwshı dáw obrazınıń miflik tiykarları ertedegi ata-babalarımızdıń qádimgi dúnyaǵa kózqarasları menen baylanıslı bolıp, onda adamzat sanasınıń eń ertedegi qatlamları óz poetik súwretleniwin tapqan. Erteklerdegi bizge jetip kelgen dáw obrazı bir qansha mádeniylesken. Ózbek folkloristi J.Eshonqulov: «Dáw eń dáslep jırtqısh kóriniste bolıp, keyinshelik insan mádeniylesken sayın onıń kórinisi de mádeniylese baslaǵan» dep túsindirgen [Eshonkulov J., 1996. – 15]. Jáne de «mádeniyleskenge shekemgi bolǵan dáwirde dáw obrazı adamlar sanasında arxaik kóriniste, anıqlastırıp aytqanda jırtqısh haywan kórinisinde bolǵan» dep qosımsha túsinik bergen.

Dáw obrazı xalqımızdıń eń dáslepki dúnyaǵa kózqarasları, kosmos haqqındaǵı dáslepki oyları, jaqsılıq hám jamanlıq álemi haqqındaǵı túsinikleri, tábiyatqa bolǵan túrinshe múnásibetleriniń salalarınan payda bolǵan bolıp, ata-babalarımızdıń sana hám ań basqıshları menen baylanıslı halda, ań sana ózgergen sayın dáw obrazınıń kórinisleri de ózgerip mádeniylesip barǵan. Qaraqalpaq xalıq erteklerindegi dáw obrazı tek ǵana jawızlıqtı ańlatpay, ayrım erteklerde túrli tımsallıq mánisti júzege shıǵaradı. Solardan biri patriarxat dáwirdiń belgileri bolıp tabıladı. Máselen, kópshilik erteklerde dáwler, gózzal qızlardı, perilerdi urlap, olardı tutqında saqlaydı. Bul funkciya patriarxat dáwirdiń poetik súwretleniwi bolıp tabıladı.

Biz qaysı bir folklorlıq janrdı alıp qaramayıq olardıń hámmesinde bas qaharman dáwlerdi óltirip, peri malikalardı azat etedi. Qaharman hámiyshe dáwlerdiń ústinen jeńiske erise beredi. Bunıń tiykarǵı sebebi jabayı adam menen mádeniy adam ortasındaǵı evolyuciya parıqlanadı, adamzattıń ózin ańlaw dárejesiniń ósiwi, óz kúshine iseniwi bolıp tabıladı.

Folklorlıq dóretpelerdegi dáwlerdiń qaharman tárepinen óltiriliwi bul tiykarınan insannıń óz ruwxındaǵı jabayılıqtı óltirip, az mádeniylesken «men»sine qaray jaqınlasıwınıń poetik kórinisi bolıp tabıladı. Ekinshi bir tárepten «Haqıyqatlıqtıń jamanlıq ústinen ústem keletuǵınlıǵın dálillep turadı hám haqıyqatlıq, ádilliktiń

mudamı jeńetuǵınlıǵınan derek beredi»,-dep jazadı Q.Maqsetov [Maqsetov Q., 1992. – 89 b].

Ulıwma alǵanda, dáw obrazı haqqında sonday juwmaqqa keliwge boladı. Ilahiylik dárejesinen ayrılǵan qudaylar álemniń ózgeriwi menen adamxor gigant, yaǵnıy dáwlerge aylanǵan. Zardushtiylik hám islam dininde dáwlerdi pútkilley unamsız dizimge kirgizdi. Sebebi áyyemgi, eski isenimler belgisi edi. Bunday kózqaraslar qaraqalpaq xalıq erteklerinde ushırasatuǵın dáw obrazında da kózge taslanadı.

Folklorlıq dóretpelerde ayrıqsha kózge taslanatuǵın mifologiyalıq obrazlardan biri-peri obrazı. Erteklerde peri obrazı kóp jaǵdaylarda jaqsılıq belgisi, qaharmanǵa járdemshi, murat-maqsetine jetiwinde qol qanat hám bas qaharmannıń súygen yarı bolıp súwretlenedi. Peri obrazı Orta Aziyanıń eń áyyemgi miflik túsinikler sistemsınan orın alǵan. Peri haqqındaǵı eń dáslepki maǵlıwmatlar “Avesto” esteliginde berilgen bolıp, onıń barlıq bólimlerinde bul obraz “payrika” atı menen berilgen. Pariyka mifologik personaj bolıp, genetik tárepten peri obrazınıń arxaik kórinislerinen biri esaplanadı. Biraq, “payrika” obrazı haqqında ilmiy ádebiyatlarda anıq berilgen maǵlıwmatlar yamasa alımlardıń pikir-kózqarasları aytılmaǵan.

Alımlardıń pikirinshe “Avesto” daǵı payrika payri tábiyiy sulıwlıqqa iye bolǵan gózzal hayal – geterler, jawız sahiyra, yaǵnıy feya mánisinde qollanılǵan. Demek, “Avesto” da peri obrazı jawız kúsh tımsalında qaralǵan. Bul estelikte peri obrazı hár túrli haywanatlar kórinisine  kire alatuǵın obraz sıpatında beriledi. Ulıwma “Avesto” da peri obrazı sulıw hayal hám haywanat kórinisinde bolıwı aytılǵan.

Peri obrazına alımlar tárepinen túrli kózqaraslar menen pikirler hám anıqlamalar berilgen. Máselen, Iran avestotanıwshı alımı B.Sarkarattıń maǵlıwmatlarına súyengen A.E.Bertels bul boyınsha tómendegishe pikir bildiredi: “Avesto” tekstlerinen birinde peri haqqındaǵı túsinikler aqılsızlıq hám jinlilik penen baylanıstırıp sıpatlama beriledi. Barlıq tekstlerde bul obraz tek ǵana jawız jaratılıs sıpatında súwretlengen hám “Avesto” da aytılıwına qaraǵanda ayırım insanlar ǵana perilerdiń jaqsılıq qılıwına isengen. Bul bolsa peri kulti hám oǵan sıyınıw dástúri zardushtiylik táliymatları diniy táliymat sıpatında keń tarqalǵan dáwirlerde de ayırım jerlerde saqlanıp qalǵanınan dárek beredi”,– dep aytıp ótken [Бертелс А.Е., 1979. – 126]. Ózbek folklortanıwshı alımı O.Qayumov bolsa “Avesto” daǵı payrika obrazına tán tiykarǵı belgiler sıpatında tómendegilerdi kórsetedi:

a) Jawızlıq álemine tiyislilik;

b) Antropomorf (insan kórinisinde) hám zoomorf (haywan kórinisinde) payda bolıwı;

c) Sulıwlıqta teńi joqlıǵı;

d) Jaqsılıq álemi wákillerine qarsı gúresiwsheńligi;

e) Sıyqırlılıq qúdertine iye bolıwı;

f) Dáwler menen baylanıslılıq;

Bunday belgilerdi kórsete otırıp alım peri obrazınıń tariyxıy tamırları hám mifologik obraz sıpatındaǵı rawajlanıw basqıshların tómendegishe dáwirlestiredi:

I. Peri – jaqsılıqqa xızmet etiwshi kúsh tımsalı. (Zardushtiylikten aldıńgı dáwir);

II. Peri – jawızlıq álemine tán shaytanlıq kúsh tımsalı. (Zardushtiylik dáwiri);

III. Peri –mifologik hám kórkem obraz. (Zardushtiylikten keyingi dáwir);

Bul dáwirlestiriw zardushtiylik táliymatı dáwirindegi peri obrazına kózqaraslar tiykarında islengen. Qaraqalpaq xalıq erteklerinde de peri obrazı birde unamlı obraz, birde unamsız obraz sıpatında kózge taslanadı.

Ulıwma alǵandaqaraqalpaq xalıq erteklerindegi mifologiyalıq obrazlar óz dóreliw dáwirindegi qásiyetlerinen, funkciyalarınan, áyyemgi insanlardıń dáslepki kózqaraslarındaǵı súwretlewlerden  ózgeshelenip tursa, ayırımları óz qásiyetlerin saqlap qalǵan jaǵdayda ushırasıp otıradı. Insan sana seziminiń dáwirler ótip rawajlanıp barıwı nátiyjesinde mifologiyalıq obrazlardıń da folklorlıq dóretpelerde anaǵurlım ózgeriske ushıraǵanına gúwa bolamız. Bul óz gezeginde folklorlıq janrladıń syujeti bayıp, kórkemlik ózgeshelikleri artıwına hám dáwirdiń óz aǵımına say ózgerip barıwı nátiyjesinde ózgerislerge ushırwına túrtki boladı.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Пропп В.Я. Исторические корни волшебной сказки. – Л., Изд-во ЛГУ. 1964.

2. Эшонкулов Ж. Узбек фольклорида дев образининг мифлогик асослари ва бадий талкини // филол..фан..намз..автореферат. – Т., 1996.

3. Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.

4. Бертелс А.Е. Пери. Кулътура и искусства народов средной азии в деревности и средневекове. – М:, 1979.